

POU : Komite Skolè a
SOT NAN MEN : Sipèentandan Mary Skipper
DAT LA : 26 jiyè, 2023
OSIJÈ : Oto-evalyasyon

Aswè a m ap prezante oto-evalyasyon mwen (evalyasyon mwen fè sou tèt mwen) bay Komite Skolè a.

Se yon gwo onè enkwayab pou m kapab retounen sèvi kòm Sipèentandan Lekòl Piblik Boston. Fò souvan mwen di ekip mwen an ke nou gen devan nou *yon tip opòtinite ki parèt yon sèl fwa nan lavi a* pou n ede transfòme distri nou an pou l devni yon sistèm dirab ki kab bay bonjan ranman siperyè pou vrèman sèvi tout 48.000 elèv nou yo.

Pandan dènye 10 mwa ki so t pase yo, depi lè m te vin Sipèentandan, mwen te arive aprann e reaprann anpil bagay sou Lekòl Piblik Boston. Plan pou Amelyorasyon Sistematik la (SIP), rapò Konsèy Lekòl Gran Vil yo, odit done EY la, divès vizit nan lekòl yo, ak divès reyinyon avèk elèv, fanmi, manm pèsònèl, ak patnè, tout te ede m konprann sa ki te fonksyone byen nan tan pase, sa k ap fonksyone byen aktyèlman, ak sa nou bezwen chanje.

Mwen konnen ke tandans yo ak atant yo pou nouvo sipèentandan yo se souvan abandone sa ki te fèt nan tan pase e trase yon nouvo chemen ki pou pote non pa yo. Sa pa janm stil mwen ni fason travay mwen. Mwen kwè ke gen anpil bon travay ki te arive fèt nan Lekòl Piblik Boston pandan ane ki sot pase yo anba divès lidè ki te ranpli ak talan. Stil mwen se evalye tout sa ki la ; detèmine sa ki mache stratejikman ; tandè eksperyans sila yo ki travay pou sistèm nan ak sila yo ki resevwa sèvis nan men sistèm nan ; epi konstri pou avanse pou asire ke fondasyon an solid e ke l kapab soutni chay sila yo ki gen pou vini.

Ane ki sot pase a, mwen te arive travay pou m fè evalyasyon sa a pandanke m t ap fè divès amelyorasyon e fè li yon priyorite tou pou m bati yon fondasyon solid nan yon fason aktif, avèk èd kreyasyon ak ranfòsman divès sistèm ak strikti kritik. Jan mwen te di sa plizyè fwa deja, mwen kwè tou ak tout èd mwen ke travay sa a ap fèt pi byen avèk èd yon ekip, kidonk yon lòt bi mwen vize se anboche yon ekip solid, divèsifye, e ki gen eksperyans, kote ke plizyè nan yo ap moun ki te swa travay pou Lekòl Piblik Boston oswa k ap travay pou li aktyèlman, dekwa pou n kapab kontinye avanse e kreye divès amelyorasyon ak sistèm dirab sila yo distri nou an bezwen e ke elèv nou yo, fanmi n yo, ak manm pèsònèl nou yo merite.

Mwen dwe di sa klè- genyen yon kokenn chenn travay ki rete devan nou ansanm ak kèk desizyon trè difisil ki te arive ranvwaye pandan plizyè dizèn ane. Mwen kwè ke yon transfòmasyon fèm posib e nesèsè nan Lekòl Piblik Boston pou n sot nan kad yon distri ki te bati avèk entansyon pou l separe, e gaye divès rezilta diferan, pou n kapab anbrase youn ki ta vrèman sèvi tout timoun, kèlkelanswa kòd postal yo,



ras yo, kilti yo, lang yo pale, oswa enfimite yo. Pou fè travay pwofon e difisil sa a, nou bezwen selebre e make pwogrè nou fè nan chemen an, men nou pa dwe janm satisfè toutotan nou pa fè vizyon sa a vin yon realite pou elèv nou yo ak fanmi n yo, ni nan tan aktyèl la ni alavni.

Pandanke n ap bati sistèm fondamantal sila yo n ap bezwen yo, chak ane nou dwe montre pwogrè konkrè n ap fè pou n atenn objektif nou yo, ak prèyè ke sistèm sila yo n ap kreye e ranfòse yo ap pwodui rezilta pozitif pou elèv yo, espesyalman pou elèv sila n yo ki gen bezwen sèvis--elèv nwa ak elèv ispanik, elèv andikap, ak elèv miltileng (elèv ki pale plizyè lang), kit yo gen andikap kit yo pa gen andikap.

Pwogrè nan travay nou ak rezilta tanjib parapò a elèv nou yo dwe sèvi kòm mezi siksè pou mwen, pou ekip mwen, ak distri nou an. Men kèk egzanp rapid de kalite pwogrè n ap suiv e ke m va pataje :

1. **Founi transpòtasyon ki an sekirite, fyab, e alè, esansyèl pou n asire ke elèv nou yo gen aksè nan edikasyon yo.** N ap rantre nan ane skolè 2023-2024 la nan yon plas ki trè diferan parapò a kote n te ye yon ane avan. Distri a gen pèsònèl okonplè pou chofè bis, e li gen divès chofè anplis alatant k ap fini fòmasyon yo afen n kapab kòmanse ane skolè a tou pare pou n atenn objektif nou yo parapò a transpòtasyon. Nou geneyen yon nouvo kontra an plas avèk « Transdev » ki bati sou pwogrè nou arive fè avèk vandè sa a, e pou lapremyè fwa li gen ladan l divès ankourajman ak penalite ki aliyen avèk objektif nou yo pou transpòtasyon atravè kontra bis nou an. Nou te arive rekonsewa sistèm nan pou ke chak bis kapab gen yon siveyan (yon « monitor ») minimòm e n ap kontinye fè anpil pwogrè nan anbochman siveyan bis yo dekwa pou fanmi elèv edikasyon espesyal yo pa eksperimante kontraryete sila yo ki te rive pandan ane ki sot pase a. Lè n ap gade done yo pou ane ki sot pase a, antanke yon sistèm, nou te fè amelyorasyon nan Pèfòmans Ponktyalite/Alè a (OTP) e nou te rezoud yon pi gwo pousantaj done GPS ki te manke pandanke ane a t ap dewoule. Byenke nou te fini ane a anba OTP 95% an ki nan Plan Amelyorasyon Sistematik nou an (SIP), nou te arive fè divès amelyorasyon operasyonèl siyifikatif pou amelyore pèfòmans alè a chak mwa, pou asire ke tout trajè yo kouvri chak jou, e founi fanmi yo avèk divès kominikasyon an tan reyèl konsènan tout delè, oswa defi, atravè Liy Dirèk Transpòtasyon nou an ki gen divès manm pèsònèl miltileng (ki pale plizyè lang) k ap travay ladan l pou sèvi fanmi n yo.
2. **Kenbe kontra travay nou yo ak salè nou yo konpetitif e aktyèl esansyèl pou n bati yon gwoup manm pèsònèl divèsifye ki ranpli avèk talan ki wè Lekòl Piblik Boston kòm yon plas kote yo kapab travay, devlope, e avanse nan sèvis pou elèv ak fanmi nou yo.** Tout 18 kontra travay yo avèk sendika nou yo pa t ko peye ; genyen ki te menm fè 3 lane nan kondisyon sa a. Nou fini ane sa a avèk tout 18 kontra yo ranbouse/regle e ajou. N ap kontinye bati divès relasyon ak kolaborasyon solid avèk sendika nou yo pou n fè travay kritik k ap nesèsè alavni pou Lekòl Piblik Boston. Chak nan sendika sa yo reprezante manm pèsònèl ki, ansanm avèk lidè lekòl nou yo, te travay san relach pandan tout pandemi a, kote yo te fè tout sa yo te mande yo fè, pou elèv nou yo ak fanmi n yo. Lè kontra yo pa ajou, espesyalman pandan plizyè ane, manm pèsònèl yo pa santi ke n respekte yo ni valorize yo. Nou te restriktire tou kontra lidè lekòl nou yo ke nou pa t mete ajou depui setan pase, e, an kolaborasyon avèk lidè lekòl yo, nou te arive bati, sa mwen kwè ki, youn nan kontra lidè lekòl ki pi konpetitif nan Massachusetts. Kontra a chita sou baz yon kwayans pwofon ki deklare ki jan yon fondasyon lidè lekòl ki plen talan esansyèl pou transfòmasyon distri nou an. Nan moman sa a nou gen yon orè travay ki pèmèt nou konsantre sou divès negosyasyon chak ane nan kèk inite alafwa e kenbe distri nou an konpetitif epitou pèmèt nou gen yon plas kote manm pèsònèl yo santi yo gen valè.

3. **N ap fè pwogrè avèk vizyon ak plan nou posede pou tout Lekòl Piblik Boston kapab enklisif e kapab ofri yon seri sèvis bay tout elèv pou satisfè bezwen yo. Edikasyon enklisif nan Lekòl Piblik Boston vle di ke nou ogmante aksè nan divès opòtinite aprantisaj nan lang natif natal pou elèv ki miltileng (ki pale plizyè lang) e ogmante aksè nan divès anviwònman ki gen mwens restren pou elèv ki gen andikap, pami yo sila yo ki miltileng (ki pale plizyè lang).**
- a. Plis elèv pami elèv miltileng nou yo ap resevwa divès sèvis ke yo gen dwa pou yo resevwa pase divès ane avan yo, e byenke nou gen anpil travay pou n fè, jiskaprezan nou gen pi gwo pousantaj elèv miltileng k ap resevwa sèvis apwopriye selon akò nou genyen avèk Ministè Lajistis la (« Department of Justice »). Nou te grandi sot nan 89% elèv miltileng ki t ap resevwa kantite ansèyman angle apwopriye obligatwa, pou n rive a 94% kounye a k ap resevwa kantite ansèyman angle apwopriye obligatwa. N ap elaji edikasyon bileng lan (2 lang lan), aksè nan lang natif natal, e n ap travay pou n aplike plan stratejik OMME nou an (Biwo Edikasyon Miltileng e Miltikiltirèl).
 - b. Ane ki sot pase a nou te travay avèk yon kowòt de plis pase 22 lekòl pou fòme ekip planifikasyon enklizyon yo, pandan ke y ap kòmanse travay pou yo transfòme lekòl yo pou yo soutni divès pratik enklisif. Selon leson nou te aprann ane pase, n ap travay aktivman sou Plan Edikasyon Enklisif nou an ki enkli plizyè rekòmandasyon ki sot nan rapò Konsèy Lekòl Gran Vil yo (Council of Great City School, CGCS), e n ap soumèt li an out kòm pati Plan Amelyorasyon Sistematik nou an (SIP). Nan ane skolè 2023-2024 la, n ap mande pou tout lekòl gen yon Ekip Planifikasyon Enklizyon sou pye e an fonksyon, dekwa pou n kapab dewoule enklizyon an selon aranjman nivo klas yo e founi devlopman pwofesyonèl anplis bay edikatè nou yo, pou ke n kapab asire ke manm pèsonèl yo jwenn fòmasyon ak resous yo bezwen pou yo sèvi elèv nou yo nan divès anviwònman enklisif, kote ke elèv yo ka jwenn aksè nan ansèyman nan lang natif natal yo e nan anviwònman sila yo ki gen mwens restriksyon. Epitou nou te devlope e ogmante plis resous nan efò rekritman e retansyon nou yo nan fason nou elaji pwogram entèn ak pwogram kanalizasyon pèsonèl nou yo pou ke n kapab kanalize manm pèsonèl ki divèsifye nan aspè lang ak kilti, ki gen sètifikasyon nan edikasyon espesyal ak Angle kòm Dezyèm Lang (ESL), ke nou bezwen pou n soutni Plan Edikasyon Enklisif nou an.

Sa yo se jis twa egzanp ki montre kòman travay la ap pwogrese, e se pou sa nou dwe ret konsantre sou konstriksyon divès sistèm ki pou soutni e kore pwogrè sila a. Nan oto-evalyasyon m nan, mwen bay divès egzanp siplemantè e mwen òganize travay la selon kat Nòm sila yo DESE etabli pou yon evalyasyon sipèntandan. Mwen enkli kat nòm sa yo isit la ak sijè sila yo m ap pral touche pou chak :

Nòm 1 : Lidèchip Ansèyman

- Alfabetizasyon Ekitab
- Enklizyon
- Plan bileng/OMME (Biwo Edikasyon Miltileng e Miltikiltirèl)
- Inivèsite/Kolèj Bonè
- Ekspansyon Edikasyon Pwofesyonèl e Teknik (CTE)
- Sipò Elèv : Opòtinite Jenès ak Absantis Kwonik (Absans Souvan)
-

Nòm 2 : Jesyon ak Operasyon

- Strikti Ekip : Depite yo
- Strikti Ekip : Modèl rejyonèl

- Planifikasyon enstalasyon
- Biwo jesyon ijans/planifikasyon sekirite lekòl
- Sistèm kominikasyon yo
- Kontra Travay yo

Nòm 3 : Angajman (Patisipasyon) Fanmi ak Kominote

- Restriksyon : Leve Avansman Ekite, Fanmi, ak Kominote
- Divès Amelyorasyon parapò a Konsèy Lokal Skolè yo
- Liy Asistans Lekòl Piblik Boston pou Fanmi
- Ekspansyon Titora Paran

Nòm 4 : Kilti Pwofesyonèl

- Kominikasyon Entèn yo
- Konsantrasyon sou Devlopman Pwofesyonèl
- Kontra Lidè Lekòl yo
- Strikti Reyinyon yo

Jan sa konn ye nan plizyè gwo distri ki gen anpil chanjman nan lidèchip, Lekòl Piblik Boston opere avèk yon konsantrasyon sou konfòmite epi l te gen difikilte pou l atenn yon seri objektif ki pi laj e pi adaptif ki chita sou rezilta elèv yo. Nou menm, antanke ekip, nou detèmine pou n chanje fason n panse, e avanse distri a nan yon plas kote ke nou menm Lekòl Piblik Boston ap depase atant yo e kore tout elèv nou yo, espesyalman sila yo ki bezwen anpil sèvis. Sa ap mande pou tout moun fè pati pa yo. Sa ap mande konstans ak kontrandi bò kote ekip nou an k ap menen travay la, ansanm ak yon objektif dirabilite ak amelyorasyon kontinyèl.

Mèsi pou opòtinite sa a nou ban mwen pou m sèvi distri a ki fè m devni edikatè mwen ye jodi a. Mwen sousye anpil pou travay sa a, pou elèv nou yo ak fanmi n yo, ak pou manm pèsònèl nou yo ki travay di, ki prezan chak jou pou kore elèv nou yo. Nou nan travay sa a ansanm ; e byenke gen defi prezan ak defi fiti, mwen kwè ke nou kapab e ke nou dwe fè chanjman nesèsè yo pou n transfòme Lekòl Piblik Boston pou l kapab yon distri ki fonde sou reyisit ak siksè elèv li yo.